

Biwo Lisans

Kisa Lisans ye e Pou kisa li enpòtan?

Lisans asire founisè sèvis yo respekte estanda etabli yo pou sa ki konsène sekirite, kalite, ak swen apwopriye. Li bay moun ki andikape yo — ak fanmi yo — garanti y ap resevwa sipò nan men pwofesyonèl ki fòme e responsab nan anviwònman règlemantè.

Kijan Lisans Pwoteje W

- **Sekirite Piblik**
Lisans ede pwoteje moun ki vilnerab yo lè li asire founisè yo kalifye epi etablisman yo san danje.
- **Kalite Swen yo**
Lisans egzijè fòmasyon, sipèvizyon, ak dokimantasyon ki ede asire yon sipò ki regilye e ki santre sou moun lan.
- **Responsabilite**
Founisè lisansye yo dwe respekte règleman eta a. Depatman Sèvis Sosyal nan NJ ka pran aksyon pou koreksyon lè nòm yo pa respekte.
- **Konfyans ak Transparans**
Yon lisans montre angajman yon founisè anvè kalite. Fanmi yo ka verifye si yon founisè lisansye epi si li an règ.

Kisa sa siyifi si yon founisè lisansye?

Yon fwaye ki lisansye satisfè tout egzijans lalwa nan New Jersey, pi presizeman règleman ki nan N.J.A.C. 10:44A, ki kontwole rezidans kominotè pou moun ki gen andikap nan devlopman. Estaf ki fòme enspekte fwaye yo pou asire yo respekte tout estanda sekirite, dokimantasyon ak fonksyònman yo.

Kisa k ap pase pandan yon enspeksyon lisans?

- Enspektè yo sikile nan fwaye a (sa gen ladan nan tout chanm yo, garaj yo, ak zòn deyò yo).
- Yo egzamine dokiman tankou dokiman ak akize resepsyon admisyon, prèv echanj enfòmasyon kontak paran/gadyen, dosye administrasyon medikaman, orè estaf la, meni yo, rejis enfòmasyon enpòtan anpil yo, dosye medikal, dokiman fòmasyon estaf la, dosye antretyen veyikil ak fwaye a, dosye envantè, Plan Evakyasyon Dijans ak Evalyasyon Evakyasyon Dijans yo, nan pami anpil lòt bagay.
- Yo pale avèk estaf la pou verifye si pratik chak jou yo koresponn ak sa ki dokimante.
- Ajans yo resevwa fidbak, epi si gen nenpòt pwoblèm, Biwo Lisans lan bay sipò ak konsèy teknik.
- Enspeksyon an fini avèk yon rapò alekri epi swivi, si sa nesèsè.

Chak kilè enspeksyon yo fèt?

Enspeksyon lisans yo fèt omwen yon fwa pa ane, oswa pi souvan si gen pwoblèm.

Èske enspeksyon lisans yo fèt sanzatann?

Premye enspeksyon nan pwosesis renouvèlman lisans anyèl la toujou fèt sanzatann. Yo anonse kèk pati nan pwosesis re-enspeksyon an, pa egzanp Revizyon Administratif la. Biwo Lisans lan ap ogmante kantite fwa li fè enspeksyon sanzatann yo apati 2026.

Èske W Te Konnen?

- 2,300 fwaye ki lisansye ofri yon kapasite konbine pou sèvi plis pase 9,600 moun nan NJ.
- Premye fwaye an gwoup yo nan NJ a te louvri an 1971 epi y ap fonksyone toujou.
- Prèske 80% nan ajans founisè ki lisansye yo se òganizasyon ki pa pou fè pwofi.
- Anpil estaf ki bay lisans yo gen eksperyans pèsònèl avèk andikap nan pwòp lavi yo.